



Kimoun ki ka kalifye pou Innocent Spouse Relief (Sekou pou Mari/Madanm Inosan) (Retire responsablite taks sou moun nan lè li deklare taks ansanm)

Si w te deklare taks sou revni ansanm, ou ka pa oblije peye enpe oubyen tout yon bòdwo taks yo bay oumenm ak mari/madanm ou (oswa ansyen mari/madanm ou) si ou ranpli kondisyon sa yo:

- deklarasyon an pa bay bon montan taks ki dwe a akòz yon bagay ki manke oubyen yon erè nan revni, dediksyon, kredi oswa baz;
- ou ka demontre lè ou te siyen deklarasyon w lan, ou pa te konnen, epi ou pa te gen ankenn rezon pou konnen deklarasyon an pa bay bon montan taks ki dwe a; epi
- lè w konsidere tout bagay ak sikonstans yo, li pa t ap jis pou yo rann ou responsab pou montan taks ki twò piti a.

Pou yon bòdwo yo bay pou ane taks 1999 oswa apre sa:

Ou gen twa kalite soulajman disponib: innocent spouse, separation of liability ak equitable relief (mari/madanm inosan, separasyon responsablite ak soulajman ki jis) Pou kritè ki aplike pou chak kalite rekou, ak pou aplike pou rekou, gade Form IT-285, *Request for Innocent Spouse Relief (and Separation of Liability and Equitable Relief)* (Fòm IT-285, Demann pou retire responsablite taks sou mari/madanm inosan (ak Rekou Separasyon responsablite ak soulajman ki jis), ansanm ak eksplikasyon Fòm lan (ki disponib ann anglè sèlman).

Pou yon bòdwo yo bay pou ane taks anvan 1999:

Pou mande retire responsablite taks sou mari/madanm inosan pou ane sa yo, ou dwe voye yon deklarasyon ak pyès jistifikatif ki montre poukisa ou kwè ou kalifye ba:

**NYS TAX DEPARTMENT
PO BOX 5120
ALBANY NY 12205-0120**

Si w p ap voye dokiman yo pa Lapòs Etazini, asire w ou gade Publication 55, *Designated Private Delivery Services* (Piblikasyon 55, Sèvis livrezon prive deziyen) (ki disponib ann anglè sèlman).

Pou jwenn plis enfòmasyon

- Gade New York State Publication 89, *Innocent Spouse Relief (And Separation of Liability and Equitable Relief)* Piblikasyon 89 Eta New York, retire responsablite taks sou mari/madanm inosan (ak Rekou Separasyon responsablite ak soulajman jki jis) (ki disponib ann anglè sèlman), oswa
- IRS - Tax Information for Innocent Spouses (Enfòmasyon IRS sou Taks pou mari/madanm inosan)